

## RENCANA PELAKSANAAN PEMBELAJARAN (RPP)

Sekolah : SMP Negeri 3 Paguyangan  
Matapelajaran : Bahasa Jawa  
Kelas/Semester : VII/ Gasal  
Materi Pelajaran : Memahami isi teks narasi tentang peristiwa/kejadian  
Sub Pelajaran : Mengartikan kata-kata sulit dalam teks narasi “*Angon Bebek Asile Gedhe*”  
Alokasi Waktu : 10 menit

### 1. Tujuan Pembelajaran

- Melalui kegiatan mendengarkan, peserta didik dapat mencatat kata-kata sulit dalam teks narasi “*Angon Bebek Asile Gedhe*” dengan tanggung jawab
- Melalui kegiatan diskusi, peserta didik dapat mengajukan/menjawab pertanyaan terkait kata kata sulit dalam teks narasi “*Angon Bebek Asile Gedhe*” dengan santun dan percaya diri

### 2. Kegiatan Pembelajaran

#### a) Pendahuluan

Apersepsi : Peserta didik dan guru bertanya jawab tentang kepemilikan hewan peliharaan di rumah

#### b) Kegiatan Inti

- Peserta didik membaca teks narasi dengan judul “*Angon Bebek Asile Gedhe*” secara bergantian, peserta didik yang lain menyimak dan mencatat kata-kata yang belum dipahami
- Peserta didik berdiskusi terkait kata kata yang belum dipahami dalam teks narasi “*Angon Bebek Asile Gedhe*”

#### c) Penutup

- Peserta didik dan guru menyimpulkan materi yang dipelajari dengan percaya diri dan tanggungjawab
- Peserta didik dan guru melakukan refleksi pembelajaran

### 3. Penilaian Pembelajaran

#### a) Penilaian Sikap

Observasi selama pembelajaran berlangsung

#### b) Penilaian Pengetahuan

Penilaian dengan tes tertulis menggunakan instrumen penilaian

Mengetahui  
Kepala SMP Negeri 3 Paguyangan

Suedi, S.Ag., S.Kom., M.Pd  
NIP. 19691212 199802 1 004

Paguyangan, 17 Juli 2021  
Guru Mata Pelajaran

Tri Martini, S.Pd  
NIP. 19800310 200604 2 017

[201511909500@guruku.id](mailto:201511909500@guruku.id)

## Lampiran

### Angon Bebek Asile Gedhe

Sapa nyana sapa ngira kedhele bisa dadi tempe, sapa ngira asile wong ngingu bebek kanyatane asile gedhe, malah ngluwihi gajine Pegawai Negeri Sipil (PNS) golongan telu. Sanajan pakaryan iki dianggep sepele nanging panguripane wong angon bebek bisa diarani kecukupan. Modhal pakan bebek, ora kudu kelangan dhuwit akeh. Wong angon bebek luwih seneng milih ngingu bebek kanthi cara pindhah-pindhah utawa nomadhen. Bebeke diumbar menyang pesawahan sing bubar dipanen.

Ana sawijining pawongan sing arane Guncang Gunawan. Umure wolulas (18) taun. Manggone bareng karo wong tuwane ing desa Panican, Kecamatan Kemangkon Kabupaten Purbalingga. Anggone angon bebek udakara sepuluh kilo adohe saka omahe, mula Guncang karo bapak gawe gubug cilik sing payone nganggo damen. Alat-alat kanggo nggodhog wedang lan panganan mentah, panganan mateng, jajan saanane kanggo nyambung urip tansah sumimpen ing gubug mau. Sepedha motor cacah loro kang ditutup karung goni katon isih anyar lan kinyis-kinyis, mratandhani yen asile ngingu bebek cukup lumayan. Guncang ngaku menawa turu mung lambaran klasa tumpukan dami/damen sing ditutup karung-karung goni. Ambune telek bebek sing nyogrok irung wis ora dirasa maneh amarga wis kulina saben dina. Paribasane Guncang kudu mangan turu bareng karo bebek-bebeke.

Cacahe bebek ingonane Guncang karo bapak ana telungatus (300). Bebek semono akehe dibagi dadi rong kandhang. Saben sakandhang isine bebek satus seket (150). Bebek sing wis tuwa dipisah karo bebek sing isih enom. Kabeh wis padha ngendhog. Saka bebek telungatus mau saben dina rata-rata ngasilake endhog rongatus (200). Rega endhog bebek siji sewu patangatus Rupiah (Rp 1.400). Juragan endhog bebek mesthi teka kanggo tuku endhog bebek saben rong dina sepisan. Menawa dietung penghasilane saben sasi ana wolung juta patangatus ewu Rupiah (Rp 8,4 juta). Nalika ditakoni dening tanggane sing asmane Pak Anton ngenani kepriye carane supaya bebeke ngendhog akeh, wangsulane Guncang nganggo basa krama alus kaya iki:

- Pak Anton : “Kepriye carane supaya bebekmu ngendhog akeh Mas ?”  
Guncang : “Bebekipun kula ngon wonten ing sabin ingkang nembe dipunpanen.  
Pak Anton : “O...dadi bebeke dipakani gabah-gabah sing kecicir ing sawah ?”  
Guncang : “Nggih leres, mangke tigan ingkang dipunasilaken tambah kathah.  
Pak Anton : “Dadi Mas Guncang pindhah-pindhah panggonan kanggo nggoleki sawah sing nembe dipanen?”  
Guncang : “Nggih, nanging matur rumiyin kalian ingkang kagungan sabin. Biyasanipun menawi ingkang kagungan sabin rawuh, kula aturi tigan”.  
Pak Anton : “Yen ora usum panen kepriye Mas ?”  
Guncang : “Kepeksa tumbas pakan loyang (sekul aking) ingkang saben kilonipun regi kalih ewu pitungatus (Rp 2.700).  
Pak Anton : “Matur nuwun banget ya Mas, aku njaluk ngapura yen ngganggu pegaweyanmu”.  
Guncang : “Nggih sami-sami Pak”. Mangga.”

Mangkono mau caritane tukang angon bebek sing arane Guncang anggone nglakoni pegaweyane kanthi sregep lan rasa seneng sing pungkasane bisa ngasilake dhuwit akeh kanggo nyukupi kebutuhane saben dinane.

(Kapethik lan diowahi saperlune saka kalawarti *Panyebar Semangat* Nomer 47, November 2013)

**Soal :**

**A. Apa tegese tembung ing ngisor iki !**

1. Pakaryan =
2. Sepele =
3. Diumbar =
4. Pawongan =
5. Udakara =
6. Sumimpen =
7. Cacahe =
8. Bebekipun =
9. Sabin =
10. Leres =